

### SS.7.C.2.1

Defini tèm "sitwayen an," epi idantifye sinifikasyon legal pou devni yon sitwayen Ameriken.

#### SS.7.C.2.1 Klarifikasiyon sou Nosyon Fondamantal 1:

Elèv yo ap defini sitwayènte jan sa endike nan Katòzyèm Amannman an.

Tout moun ki fèt oswa ki naturalize nan peyi Etazini, epi sijè nan jiridiksyon yo ladan lan, yo se sitwayen nan peyi Etazini ak nan eta kote yo abite a. Pa gen eta ki ka fè oswa aplike nenpòt lwa kap abreje privilèj oswa iminite yon sitwayen nan peyi Etazini; pa gen yon eta ki ka anpeche yon moun lavi, libète, oswa pwopriyete, san pwosès nòmal nan lalwa; ni refize nenpòt moun nan jiridiksyon li ye a pwoteksyon egal ego nan lwa yo. – Konstitisyon peyi Etazini an, XIV Amannman, Seksyon 1 (1868)

Konstitisyon peyi Etazini an jan sa te **ratifye** an 1789, pat gen ladan yon definisyon **sitwayènte** nan peyi Etazini, men Konstitisyon an mansyone sitwayènte plizyè fwa. Yon definisyon fòmèl pou sitwayènte nan peyi Etazini te ajoute nan Konstitisyon an lè **14th Amannman** an te ratifye an 1868.

14th Amannman an, jan yo montre pi wo a, defini sitwayènte kòm 1) nenpòt ki moun ki fèt nan peyi Etazini, oswa 2) nenpòt ki moun ki se yon **imigran** ki te ale atravè tout pwosesis **naturalizasyon** an.

Gen de metòd pou yon moun kapab vin yon sitwayen Ameriken pa nesans. Si se yon moun ki fèt nan peyi Etazini, nan youn nan teritwa li yo, oswa nan yon anbasad Ameriken, moun sa a se yon sitwayen **Dwa nan tè a**. Metòd sa a pou devni yon sitwayen pa mande pou manman oswa papa moun lan dwe yon sitwayen Ameriken. Lòt fason ou kapab devni yon sitwayen nesans, youn nan paran nesans moun lan dwe yon sitwayen Ameriken. Sa vle di ke sitwayènte natirèl manman oswa papa moun lan nan peyi Etazini pase bay timoun. Metòd pou jwenn sitwayènte sa a rele **Dwa nan san**.

Sitwayente, jan sa eksplike nan 14th Amannman an, yo garanti **dwa natirèl** yo pou lavi, libète, ak pwopriyete, ke yo pa ka jamn wete I san yon **pwosès nòmal**.

Nan peyi Etazini genyen moun ke yo konsidere tou kòm **etranje**. Etranje yo se moun kap viv nan peyi Etazini ki pa sitwayen Ameriken. Etranje ka nan peyi Etazini pou rezon yon ti bout tan (yon djòb oswa ap vizite peyi a pou yon sèten peryòd tan) oswa kòm yon rezidan pèmanan legal (yon moun kap viv legalman pou tout tan nan peyi Etazini men ki pa yon sitwayen).

**Dwa nan san** - sitwayènte yon moun nan nesans se menm bagay la kòm sa yo ki an manman byolojik li oswa li oswa papa

**Dwa nan tè** – yon moun ke sitwayènte lè I te fèt detèmine nan peyi kote li pran nesans la

**dwa natirèl** - kwayans ke chak moun te fèt ak dwa fondamantal yo ke gouvènman an paka wete.

**etranje** - nenpòt moun ki pa yon sitwayen oswa ki pa gen nasionalite nan yon peyi

**imigran** - yon moun ki vin nan yon peyi pou I viv la pou tout tan

**Katòzyèm amandman** - yon amannman nan Konstitisyon Etazini an ki defini sitwayènte, akòde sitwayènte a ansyen esklav yo ak defini votè kòm gason omwen 21 ane daj.

**naturalizasyon** - pwosesis pou ke yon imigran devni yon sitwayen

**pwosès nòmal** - dwa pou moun yo akize pou krim pou gen lwa ki trete yo san patipri, se konsa ke yo pa ka pèdi lavi yo oswa libète san yo pa gen dwa legal yo pwoteje

**ratifye** - eksprime konsantman pou confime; fòmèlman apwouye

**sitwayènte** - yon manm legal nan yon eta ak/oswa yon peyi